


**ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД**

***Дзиуаригъæуæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг знаги нихмæ тохмæ рандæй æртæсæдæ адæймагемæй фулдæр. Фарастинсæй си сæ цард иснивонд кодтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау... Уотæ – Гæздæнти Асæхмæт æма Тасой авд фурти дæр. Æдзард тугъдон æнсувæртæн сæ рохс нæмттæ исæносон кодтонцæ, мæнæ аци къари ке уинетæ, еци циртдзæвæнæй скульптор – Санахъоти Сергей, æвæрд æй сæ райгурæн гъæумæ тæккæ бацæуæни.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№17 (798) 2021 анзи 13 май – ханси мæйæ

# «РОХСЗÆРДÆЙ УИН ФÆЦЦАРДТÆН, ÆМА МÆ ЗÆРДРОХСÆЙ ИМИСЕТÆ...»

Уодикондæй рæсугъд æма зæрдихаттæй хуæрзауодæг, рæстæмбæлæг ке фæххонунцæ, уæхæн адæймаг дин дæ царди гургъахъ нæдтæбæл æмдзæуин ку разинна, уæд, нимайæ ‘й, устур амондæй фæххайгин дæ. Уомæн æма уæхæн адæймаги фарсмæ дин цард, цийфæнди ку уа, уæддæр хиццаг уодзæнæй, зæрдфедарæй архайдзæнæ дæ карни хабæрттæ аразунбæл... Гъе уæхæн адтæй Цъугкити Беслæни фурт Солтан дæр, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист, Паддзахадон Дигорон драмон театри искурдиадæгин æма ирддæр актертæй еу...

Адтæй... Хъæбæр зин æй Солтани туххæй дзубандий аци дзурд зæгъун исфæразун... Нæ комуй зæрдæ æгириддæр уобæл исарази ун, æма нæ дзиллæн зæрдрохсдзийнадæ ка хаста æ царди еугур гъуддæгутæй дæр, еци характет æма рæстауодæг Солтан не ’хсæн нæбал æй... Нæ зæрдитæн нин еудадзуг раст барагген ка адтæй, еци Солтан нин сæ æнай-æнойти куд фæрресун кодта, æгæр раги ке банæхстæр æй е ’цæг дуйнемæ, уомæй. Берæ цæмæйдæрти си нифсгун адтан, æма нæ куд фæффудевгед кодта...

Абони, 13 майи Цъугкити Солтанбæл гъæуама аст æма дууинсæй анзи исæнхæст адтайдæ. Бæргæ берæ зæрдиаг арфитæ ин кодтайуонцæ еци бон, бæргæ игъæлдзæг бæрæгбон ин исараэтайуонцæ æ уарзон бийнонтæ, е ’мкосгутæ, æ берæ æрдхуæрдтæ... Фал, гъулæггагæн, уæхæнæй нецибал арæзт æрцæудзæнæй. Æ еци бонмæ æхуæдæг нæбал рацардæй – фарæ 28 декабри æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй Солтан... Игъæлдзæг райгурæн бони бæсти ин арæзт æрцæудзæнæй имисæн мадзæлттæ. Карнæн ци загъдæуа, æгæр æгъатир ин разиндтæй...

Фал ма ци кæнæн… Нæ бон ма ‘й айдагъдæр æ рохс ном имисун... Æма ’й абони имисæн нæ газети фæрстæбæл дæр – уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.



ЦЪУГКИТИ Солтан Дудай роли (спектакль «Бæтæй фурттæ»).

**АХСГИАГ ЦАУ**



# УСТУР УÆЛАХЕЗ НИН ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ УОДЗÆНÆЙ!..

Куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уæдта фæсарæйнаг паддзахæдти рæстзæрдæ дзиллитæ, уотæ Цæгат Иристони дæр цитгинæй исбæрæг кодтонцæ нæ Устур Уæлахези 76-аг Бон. Ци бæрæгбони мадзæлттæ нæмæ арæзт æрцудæй, уони уотид бæрæгбони мадзæлттæбæл банимайæн æгириддæр нецихузи ес.

Советон доги сæ медес еу адтæй – нæ фидтæлтæ дуйнети тæккæ фуддæр тогниккалди тугъди цъамардæр знаги нихмæ æгъатир тохи ке фæуукæлахез æнцæ, уой исцитгин кæнун, нæ намусгин тугъдонтæн искадæ кæнун.

Уæдмæ советон цардарæзт фехалдæй, æма дзурди барæ есун байдæдтонцæ, нæ Фидибæсти кадæ æма намус фудадæ кæмæн адтæй, еци къæсибадгутæ æма етæ æдзæсгонæй фудкойтæ кæнун байдæдтонцæ, нæ адæм сæрустур цæмæй адтæнцæ, нæ еци гъуддæгути кæдзосдзийнади туххæй. Фал сæ фудмиутæй неци рауадæй – нæ адæми еугур рæстзæрдæ фæлтæртæ син сæ цъамардзийнæдтæн карз нихкъуæрд дæттунцæ Устур Фидибæстон тугъди цаутæ æма хабæрттæн, æ бæгъатæртæн агъазиауæй-агъазиаудæр кадæ кæнгæй. Уомæн ирд æвдесæн иссæй, аци анз Уæлахези кадæн ци цитгин мадзæлттæ арæзт æрцудæй, етæ дæр.

2

# «Шатёр Рамадана»

**СОБИРАЕТ ВСЕХ, КТО СТРЕМИТСЯ ЖИТЬ В БЛАГОЧЕСТИИ...**




Завершился самый почитаемый в исламском сообществе месяц Рамадан. Это священный месяц, месяц благих дел, усердного чтения Корана, ночных и дополнительных намазов, проявления высоких нравственных качеств и совершения благодеяний. В это время души очищаются и наполняются светом веры во Всевышнего.

Этот месяц, как правило, бывает насыщен разными знаменательными событиями и мероприятиями. Среди них особо выделяется ежегодный культурно-благотворительный проект «Шатер Рамадана», организуемый Духовным управлением мусульман Москвы при поддержке Духовного управления мусульман Российской Федерации и Правительства Москвы. В священном месяце Рамадане шатер размещается на парковочной площадке при Мемориальной мечети на Поклонной горе (ул. Минская, 2«Б»). С заходом солнца все желающие приглашаются в него разделить праздничный ужин – ифтар, послушать со сцены выступления и творческие номера профессиональных и национальных коллективов.

В шатре бывает создано все необходимое оборудование для проведения культурно-просветительских программ, приветливые волонтеры, всегда царит атмосфера радушия.

8

*ÆГЪУЗАРТИ Харитон (1912-1943) искурдиадæгин поэт, бæгъатæр тугъдон: «Æз Райгурæн бæсти сæрбæлтау цæттæ дæн алцæмæ дæр... Фæууодзæнæй тугъд, æма бабæй уæд нæуæгæй уодзинан еумæ...» Æ фиццаг соми бæгъатæрæй бæргæ исæнхæст кодта, дуккаг зæрдæвæрдæй ба хеуæнтти фæффудевгед кодта, нæ ин бантæстæй цардæгасæй æ фидиуæзæгбæл исæмбæлун...*



Сергей МЕНЯЙЛОЙ фарсмæ рахесæрдигæй лæууй тугъди æма фæллойни ветеран ЦАЛИТИ Сафарбий.



Тугъди ветерантæ æма Сергей МЕНЯЙЛО зæрдиагæй дзубанди кæнунцæ нæ Фидибæсти кадæ æма намуси туххæй.

# УСТУР УÆЛАХЕЗ НИН ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ УОДЗÆНÆЙ!..

Уой дæр еу бони нæ – рагацау нæ республики еугур сахартæ æма гъæути дæр багъуд кодтонцæ Æнсувæрон циртитæ, циртдзæвæнтæ æма мемориалтæ, дзиллон рауæнти исæвардтонцæ бæгъатæр тугъдонти къартæ…

Уæлдай агъазиаудæр мадзæлттæ ба арæзт æрцудæнцæ 9 майи. Еци бон республики еугур рауæнти дæр адæм дзиллонæй архайдтонцæ цитгингæнæг æмбурди, «Æнæмæлгæ полк»-и рацуди…

## НÆ НАМУС ÆМА КАДИ ЗАР АЗÆЛУЙ ДУЙНЕТÆБÆЛ!..

Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи адтæй Устур Фидибæстон тугъди советон адæми Уæлахези 76-аг анзей кадæн тугъдон парад.

Кадгин трибуни лæудтæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло**, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий раздæри Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз**, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти Сæрдар **Алексей Мачнев**, Хецаудæ æма Парламенти иуонгтæ.

Мингай адæм æрæмбурд æнцæ Дзæуæгигъæуи сæйраг фæзæмæ. Сæ еугурей дæр байеу кодта Цитгин бæрæгбон – Уæлахези бон.

Уæлахези паради архайдта Хонсайраг федералон зилди 58-аг æфсад. Тугъдон парадæн командæгæнæг адтæй Суворови орденхæссæг 58-аг æфсади хецау, инæлар-майор Вячеслав Гуров. Парад амудта инæлар-майор Михаил Зусько.

Тугъди ветерантæ æма бæрæгбони иуазгутæн арфæ ракодта Сергей Меняйло. Æ радзубандий е загъта:

– Абони мах нæ еугур дæр бæрæг кæнæн Цитгин бæрæгбон. Аци Уæлахез нæ фидтæлтæ балхæдтонцæ сæ тогæй. Фидибæстæ багъæуай кæнунмæ исистадæнцæ Иристони бæгъатæр фурттæ æма кизгуттæ. Гитлерон Германийæн Цæгат Иристон байахæссун стратегион пъланæй нимад адтæй хъæбæр ахсгиагбæл. Знаг æмпурста Грозна æма Бакуй нефтмæ, фал ин нæ республикæбæл рахезун нæ бантæстæй. Уæлахез айдагъ тугъди будурæй аразгæ нæ адтæй, фал фæсфронтæй дæр. Хестæр кари адæм, силгоймæгтæ æма сауæнгæ сувæллæнттæ дæр уодуæлдай фæллойнæ кодтонцæ, цæмæй Советон æфсад маци гъæуагæдзийнæдтæ æййафа хуæруйнагæй, гъар дзаумау æма тохæндзаумауæй дæр. Хъæбæр зин адтæй Уæлахезмæ над. Фал ибæл нæ хестæртæ кади хæццæ рацудæнцæ. Етæ багъæуай кодтонцæ нæ бæсти сæребарадæ æма хуæдбарадæ. Махæн нæ ихæс æй еци устур æскъуæлхтдзийнадæ нæ зæрдæбæл дарун, багъæуай кæнун æма ‘й фæлтæрæй-фæлтæрмæ дæттун.

Трибунити бадтæнцæ ветерантæ æма парадмæ лæмбунæг кастæнцæ. Уони фæрци ес абони нæ сæрмæ кæдзос арв. Аст æма æртинсæй иристойнаг тугъдонемæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, уонæй дууемæн – Плити Иссæн æма Иван Фесинæн – еци ном лæвæрд æрцудæй дууæ хатти. Не ‘мзæнхон тугъдонтæй æртиндæс ба иссæнцæ Кади ордени æнхæст кавалертæ.

Дурдуйраг Цалити Сафарбий дæр тугъдæн æ райдайæнæй æ кæронмæ тох кодта. Архайдта Сталингради тугъди. Тугъди фæсте ба фæккуста æ райгурæн гъæуи колхози. Нур дæр æнцад бадун нæ зонуй, кæд ибæл 100 анземæ хæстæг цæуй, уæддæр. Æ фæндонмæ гæсгæ, Дур-Дури Уæлахези парк Сафарбийæн æхе харзæй райаразтонцæ. Æрауигътонцæ си, аци гъæуæй Устур Фидибæстон тугъди ка архайдта, еци бæгъатæр тугъдонти къартæ.

## «СÆРЕБАРÆБÆЛ ТОХИ АДТÆНЦÆ ФÆРАЗОН, СÆ РÆСУГЪД ЦАРД ИН НÆ КОДТОНЦÆ ÆВГЪАУ...»

Дзæуæгигъæуи ма сæрмагондæй арæзт æрцудæй еума мадзал, кæцими æримистонцæ Устур Фидибæстон тугъдæй ка нæбал исæздахтæй, уони рохс нæмттæ. Уæлахези бони 76 анзей кадæн бæрæгбони размæ Тугъдон Намуси сахар Дзæуæгигъæуи Намуси мемориал æма Намуси аллейæ бабæрæг кодтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг вице-адмирал **Сергей Меняйло**, 58-аг æфсади командæгæнæг, инæлар-майор **Михаил Зусько**, нæ республики Парламенти Сæрдар **Алексей Мачнев,** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз**, республики медгъуддæгути министр, пъæлици инæлар-лейтенант **Михаил Скоков**, республики тухи структуритæ æма ведомствити минæвæрттæ, æнхæстгæнæг хецауади æма бунæттон хеунаффæйади оргæнти разамонгутæ, æхсæнадон организацити минæвæрттæ.

Кадгин æмбурди архайгутæ Устур Фидибæстон тугъди зингхуст æфсæддонти рохс нæмттæ имисунæн еу минут ралæудтæнцæ æдзæмæй, уæдта Намуси аллейи циртдзæвæнбæл исæвардтонцæ дедентутæ.

Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Цæгат Иристонæй рандæнцæ дæс æма цуппаринсæй мин адæймагемæй фулдæр, уонæй алли дуккаг дæр æ цард иснивонд кодта Фидибæсти сæрбæлтау.

Иристойнæгтæй Устур Фидибæстон тугъди ка архайдта, еци инвалидтæ æма ветерантæй, фæскъилдуни архайгутæй ма абони цардæгас æнцæ 1602 адæймаги. Уонæй алкедæр æй кадæ æма намуси аккаг. Æ цард Фидибæстæн ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ ба ‘нцæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ кæдзосæй имисуйнаг.

## СÆ РОХС НÆМТТÆ СИН ИМИСДЗИНАН ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ

Æрæги Рассвети парки æрæмбурд æй хъæбæр берæ адæм айдагъ бунæттон цæргутæй нæ, фал еугур Æрæдони районæй дæр. Бундорон цалцæги фæсте гъæубæсти нæуæгæй байгон æй циртдзæвæн, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг гъæу немуцаг фашисттæй уæгъдæгæнгæй, бæгъатæрæй ка фæммард æй, еци æдзард бæгъатæртæн. Уой размæ дæр син циртдзæвæн куд нæ адтæй, фал нур æ хузæ искалдта. Циртдзæвæнæй уæлдай ма си æвæрд æрцудæй тугъдон згъæрходæ æртæ метрей бæрзæндæн æма цалдæр къæйдори сау гранитæй. Уонæбæл финст æрцудæнцæ фондзсæдæ муггагемæй фулдæр, æма нур уал бийнонти нæ бæсти алли кæрæнттæй базондзæнæнцæ, сæ хеуæнттæ кæми фæммард æнцæ æма кæми нигæд æнцæ, уой. Рассветмæ еци бон æрцудæнцæ æма номерæн æмбурди архайдтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло, республики хецаудзийнади къабæзти разамонгутæ, райони разамунди минæвæрттæ, тугъди æма фæллойни ветерантæ...

Еци цитгин мадзали рæстæг æримистонцæ 1942 анзи ноябри æма декабри мæйти аци гъæуи алфамбулай цаутæ. Цæветтонгæ, 2 ноябри фашистон æрдонгтæ батудтонцæ Дзæуæгигъæуи гъæуайгæнæн райони æндаг хай. Рассветæй Дзиуаригъæуи ‘хсæн рауæнтæ гъæуай кодта еуæндæсæймаг гвардион æхсæг корпуси 34-аг хецæн бригадæ. Знаг Саниба æма Гизæл ке байахæста, уомæ гæсгæ Дзæуæгигъæуи уавæр дæр хъæбæр тæссаг иссæй. Бригади фулдæр хай сæ цард иснивонд кодтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тохи. Вермахти разамунд син сæ нихмæ багæлста дууæ танкон дивизий. Æдеугурæй нимпурсти архайдтонцæ сæдæ танкей бæрцæ, уонæй дæс æма инсæй пурхæгонд æрцудæнцæ Рассветæй Фиййагдонибили ‘хсæн. Немуц кæд фронти еу хай басастонцæ, уæддæр тугъдтитæ нæ банцадæнцæ 23 декабри уæнгæ. Сурх Æфсади ‘рдигæй еци тогкалæнти архайдтонцæ 319-аг æхсæг дивизи, 5-аг, 34-аг, 57-аг æхсæг бригадитæ. Кæд Гизæли бунмæ тугъдтити се ‘хсæнæй берæ фæгъгъудæй, уæддæр 140-аг танкон бригадæ хъæбæр хъазауатонæй тох кодта знаги нихмæ. Еци тогкалæн тугъдтити сурхæфсæддонтæй фæгъгъудæй цуппарсæдæ адæймаги, немуцæй ба – æхсæзсæдæ æма æртинсæйемæй фулдæр.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
*ХЕКЪИЛАТИ Маринæ*



Тугъдон кади бундоронæй иснæуæггонд мемориал Уæлахези Бони размæ игонгонд æрцудæй Æрæдони райони Рассвети гъæуи.

**Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ (1936 анзи 16 майи) игонгонд æрцудæй ирон литератури Хетæгкати Къостай номбæл еудадзугон музей (хаст цудæй Цæгат-Иристойнаг наукон-æртасæн институтмæ).**



Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæ хъæбæр зæрдиагæй исæмбалдæнцæ сæ бæгъатæр æмзæнхон МИЛДЗИХТИ Хаджимурзæбæл.

# ÆХСАРГИН ТУГЪДОН

***Фæстаг рæстæг дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæй кæцидæртими рæстæгæй-рæстæгмæ фæззиннунцæ æрмæгутæ, кæцитæ цъифгалæнтæ кæнунцæ Цæгат Иристони адæми тугъдон кадæ æма намусбæл, сæ фудкойтæй цæсти æфтаунцæ нæ бæгъатæр тугъдонти лæгдзийнæдти æцæгдзийнадæ. Еци къæсибадæг «финсгути» гадзирахатдзийнадæ раргом кæнуни туххæй мах ба никки фулдæр æма æргомдæрæй кæндзинан, нæ адæм Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Райгурæн бæсти сæрбæлтау берæ агъазиау лæгдзийнæдтæй куд фескъуæлхтæй, уой фæдбæл бундорон дзубанди.***

***Абони мухур кæнæн æрмæг Советон Цæдеси Бæгъатæр Милдзихти Хаджимурзи туххæй – уой дæр уомæ гæсгæ, æма еуемæй æримисуни аккаг æй, иннемæй ба, æдзæстуарзонæй нин нæ адæми кадæ æма намуси фудкойтæ ка кæнуй, еци къæсибадгутæ уой бæгъатæрдзийнадæ иссеккаг кæнунбæл архайунцæ.***

ИРИСТОЙНÆГТÆЙ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном фиццагидæр лæвæрд æрцудæй тугъдон тæхæг Остати Алексейæн. Еци кадгин ном райста финæгти хæццæ тугъди æскъуæлхтдзийнæдти туххæй.

Дуккаг Бæгъатæр ба иссæй Елхоттæй рацæуæг артиллерист Карсанти Хъазбег. Е дæр фескъуæлхтæй финæгти хæццæ тугъди. Æртиккаг Бæгъатæри ном исаккаг кодтонцæ Милдзихти Хаджимурзæн, е дæр елхоттаг. Еци цитгин ном Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Иристони Бæгъатæртæй е райста фиццаг, тугъди райдайæнæй æдеугурæй аст мæйи ку рацудæй, уæд. Уой уомæ гæсгæ баханхæ кодтан, æма тугъди фиццаг æнзти уæхæн кадгин ном ефстагмæ лæвардтонцæ.

Аци анз Милдзихти Хаджимурзи райгурдбæл исæнхæст æй дууæ æма фондзинсæй анзи – райгурдæй 1919 анзи 1 январи Елхотти гъæуи.

Инсæй анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Службæ кодта Новгороди облæсти 163-аг æхсæг дивизий. Адтæй фæдагорæг хайади командир. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд, зæгъун æнгъезуй немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи бацудæй, тугъдон гъуддаги хуæрзцæттæ адтæй, уотемæй. Æма знаги нихмæ тохи дæр устур лæгдзийнадæ, æхсарæ, арæхстдзийнадæ æма фæразондзийнадæ дæр уомæ гæсгæ равдиста. Æртæ хатти фæццæф æй, фал бабæй цубур рæстæгмæ нæуæгæй æрлæууидæ æ тугъдон æмбæлтти фарсмæ æма дæрæн кодта гитлеронти. Латвий зæнхæбæл тугъдтити ку архайдта, уæд æ хеуæнттæмæ ци цубур финстæг исæрвиста тугъди будурæй, уоми финста: «Гъæддаг куйти хузæн æрбампурстонцæ нæ гъæутæмæ æма сахартæмæ знæгтæ, æвуд адæми маргæй, содзгæй æма стъегъгæй. Некæд ми феронх уодзæнæй нæ сабур цæрæг адæми гъезæмæрттæ, куд си гириз кодтонцæ знæгтæ, е. Æз си сæ маст райсдзæнæн...» Æма æцæгæйдæр æ дзурд æнхæст кодта бæгъатæрæй. Адтæй уæхæн цау дæр, æма е устуркалиброн зенитон пулеметæй æргæлста немуцаг хуæдтæхæг, бомбитæгæлдзæг Ю-88. Хаджимурзæ берæ хæттити рандæуидæ фæдагорæг дæр. Уæхæн зин уавæрти бахауидæ, æма æ цард æрдобæл хуæцидæ. Фал бабæй æ лæгдзийнадæ, æхсарæ æма тугъдон арæхстдзийнади фæрци уодæгасæй райервæзидæ. Гитлеронти фæскъилдунмæ æ алли рацуд дæр æй хецæн æрмæги аккаг. Фал си мах абони еуей хабар ракæндзинан.

Еухатт, 1942 анзи зумæги хестæр сержант Милдзихи-фурт æма хестæр лейтенант Ефимов, фæдагорæги ихæс исæнхæст кæнгæй, фæстæмæ ку æздахтæнцæ, уæд хæрхæмбæлд фæцæнцæ, еу-æртиндæс адæймаги кæми адтайдæ, гитлеронти уæхæн къуарбæл. Сæ дууетæн дæр аци фембæлд адтæй æнæнгъæлти. Уæхæн «фембæлди» ба фæууæлахез уодзæнæй ка фæссæрæндæр уа, æхе раздæр ка æрлæдæра, е.

– Уæ тохæндзаумау æрæвæретæ!.. Æма хенди хох!.. – фæгъгъæр кодта хестæр лейтенант.

Тарст æма ехæнæй ка мардæй, еци фашисттæ æнæфæстæмæ фæккæсгæй исæнхæст кодтонцæ бардзурд. Фал уалинмæ кæцæйдæр райгъустæй автомати къæр-къæр. Фæммард æй хестæр лейтенант Ефимов. Фашисттæ сæ хуæцæнгæрзтæмæ фæллæбурдтонцæ. Хаджимурзæ нæ фæттарстæй. Исарæхстæй æма гранат багæлста гитлеронти æхсæнмæ, уæдта сæ автоматæй æхсун райдæдта æма сæ бундзагъд никкодта. Гъе уотæ советон фæдагорæг аци тугъдон цауæй рацудæй уæлахездзауæй.



МИЛДЗИХТИ Хаджимурзæ

Цæгат-Нигулæн фронти 34-аг æфсади 163-аг æхсæг дивизий 177-аг хецæн æсгарæг роти хайади командир, фæлтæрдгун сгарæг Милдзихти Хаджимурзæ уæлдай хъæбæрдæр фескъуæлхтæй Новгороди облæсти Демянски районы. Мæнæ ци финст ес уой туххæй æхсаргин тугъдони паддзахадон хуæрзеуæг райсунмæ бавдесуни сифи:

«Взводи командир лейтенант Чернови хæццæ еумæ Милдзихи-фурт исæнхæст кодта тугъдон ихæс. Фæдагоргутæ багъузтæнцæ гитлеронти фæскъилдунмæ æма исбæрæг кодтонцæ знаги артиллери æма минæхсæнти бунæттæ, уомæй уæлдай ма сæмæ фæстауæрци ци адтæй, уони дæр. Нæма æрсæумæ 'й, уотемæй фæстæмæ сæ къахнадбæл раздахтæнцæ. Æма уалинмæ циргъзунд фæдагорæги цæститæ райахæстонцæ еу æнахур уавæр: знаг кæми «æрфусун» æй, уоми еу минкъий æрдози раздæр еунæг гъæуайгæнæн пост уидæ, нур ба си бамбурд æй дзæвгарæ автоматчиктæ.

– Æнгъæлдæн æма нин немуцæгтæ фембæлд æрцæттæ кодтонцæ, – бахудтæй Чернов.

– Базудтонцæ, «иуазæгуати» сæмæ ке ан, уой, – загъта Хаджимурзæ. Алцæмæй дæр бæрæг адтæй, немуцæгтæ махон фæдагоргути æрахæссунмæ ке гъавтонцæ, е. Фæрсæрдигæй еу-цуппарсæдæ метри изолдæр, Милдзихи-фурт сосæггай æрахæста бунат. Лейтенанти автомати цалдæр цубур къæр-къæри æма гитлеронтæй кадæртæ мæрдхуст æркодтонцæ зæнхæбæл. Уæдмæ гъæдрæбунæй ракалдæй гитлеронти агъазиау къуар. Байеудагъ æй тох – дууæ советон тугъдони æма уойбæрцæ знæгти æхсæн. Уæд дин лейтенанти автоматбæл знаги нæмуг ку исæмбæлидæ, ниппурхæ 'й.

– Федар лæууæ, Хаджи, æз дин æнæ тохæндзаумауæй неци агъаз дæн, уой бæсти агъаз æрбакæнон… – загъта лейтенант.

Хестæр сержант Милдзихи-фурт еунæгæй сахатти æрдæгæй фулдæр знаги æнæгъæнæ роти размæмпурст бауорæдта, 250 фашистемæй фулдæрей æмпурст. Е 'ндиуд архайди фæрци сæ искунæг кодта.

Мæлæтæй æй фæййервæзун кодта агъазмæ фæззинæг къуар. Хаджимурзæ фæццæф æй. Маскхалат, цубур кæрцæ, вещмешок – еугурæйдæр адтæнцæ цъæсгитæ знаги нæмгутæй».

Еци æскъуæлхтдзийнади фæдбæл æ командиртæ ци гæгъæдитæ бацæттæ кодтонцæ, уоми финст адтæй: «Перед огневой позицией отважного воина насчитали 108 трупов гитлеровских автоматчиков…» Кæронæй ба: «За исключительное мужество и героизм в боях против немецкого фашизма достоин присвоения звания Героя Советского Союза».

ССР Цæдеси Сæйраг Совет сæрмагонд Указæй хестæр сержант Милдзихти Хаджимурзæн 1942 анзи 16 мартъий исаккаг кодта Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, лæвæрд ин æрцудæй Ленини орден æма Сурх Стъалуй майдан.

Уæд, 1942 анзи 3 апърели берæ газетти фæззиндтæй хузæ: дивизион комиссар, Цæгат-Нигулæн фронти тугъдон совети иуонг А.М. Пронин намусгин ирон бæгъатæр, 23-анздзуд Милдзихти Хаджимурзæн дæттуй Ленини орден æма майдан Сугъзæрийнæ Стъалу.

Хаджимурзи æскъуæлхтдзийнæдти кой райгъустæй æнæгъæнæ дуйнебæл дæр. Англисаг къарол Георг VI еумæйаг знаги нихмæ тохи устур æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хестæр сержант Милдзихти Заурбеги фурт Хаджимурзæн исаккаг кодта æ бæсти бæрзонд хуæрзеуæг – орден «За храбрость на поле боя». Уæхæн орден еци рæстæгмæ лæвæрд æрцудæй æртæ советон тугъдонемæн, еугур дуйней ба – авд адæймагемæн. Ленини орден, Фидибæсти тугъди I къæпхæни орден, æхсæрдæс майдани æма ма æндæр хуæрзеугутæ дæр цæхæртæ калдтонцæ Хаджимурзи фæтæн реубæл.

Уæлахези бонбæл Бæгъатæр исæмбалдæй Дзæуæгигъæуи, уоми куста сæрмагонд училищей директори хуæдæййевæгæй. Сурх Æфсадæй 1944 анзи уæгъдæгонд æрцудæй уæззау цæфи фæсте.

1998 анзи 24 майи Советон Цæдеси Бæгъатæр Милдзихти Хаджимурзи зæрдæ банцадæй æ кустæй. Цитгинæй æй байвардтонцæ Дзæуæгигъæуи Намуси аллейи. Милдзихти Заурбеги фурт Хаджимурзæ, Иристони æхсаргин фурти, Фидибæсти бæгъатæр æма лæгигъæдгун гъæуайгæнæги рохс ном муггагмæ цæрдзæнæй, ка 'й зудта, уони гъудити æма зæрдити. Байзайдзæнæй федарддзийнади æма Райгурæн бæстæбæл еузæрдиуондзийнади дæнцæнæн».

***ДЗОПОЙТИ Юрий***

**Намуси ордени æнхæст кавалер, зенитон пулеметон хайгонди командир, гвардий сержант Цезарь Иван Григорийи фурти райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй сæдæ анзи. Райгурдæй Мæздæги. Æ фæстугъдон царди хабæрттæ æнхæст бæлвурдгонд нæма 'нцæ.**

***ТЕМИРАТИ Давид (1924-2007), Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Уæрæсей аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Паддзахадон Дигорон театри бундорæвæрæг: «Цийфæнди адæми устурдзийнадæ æ берæй нæй. Е бæрæг кæнуй, æма иннæ адæмихæттити хæццæ рабаргæй цæйбæрцæбæл агъазиау гъуддæгутæй фескъуæлхтæй, еугурдуйнеуон хæзнадонæмæ***



ЦЪУГКИТИ Солтан Будзулай роли (спектакль «Аланти Нана»).

# «РОХСЗÆРДÆЙ УИН ФÆЦЦАРДТÆН, ÆМА МÆ ЗÆРДРОХСÆЙ ИМИСЕТÆ...»



**БИЧИЛТИ Алетæ,**
Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг

Цъугкити Солтан райгурдæй 1973 анзи 13 майи Дигори рæсугъддæр гъæутæй еу – Уæхъæци гъæуи. Гъомбæл кодта берæ бийнонти ‘хсæн. Æ ниййергутæ Беслæн æма Таисæ исгъомбæл кодтонцæ аст фурти æма еу кизгæ. Бийнонти кадæ абони дæр гъæубæсти медæгæ ‘й бæрзонд, уарзон хæдзарæбæл нимад æнцæ. Сæ цæуæт еугур дæр æнцæ дæнци аккаг. Сæ кæстæртæ Солтан æма Сослан фазæнттæ адтæнцæ. Ниййергутæ сæ гъолон уарзтæй уарзтонцæ аци биццеути.

Гъулæггагæн, ниййергутæбæл зианти уæззаудзийнæдтæ дæр æрцудæй. Æдзардæй сæ уæлзæнхон цардæй рахецæн æнцæ сæ фурттæ Артем æма Салат, уой фæсте ба сæ хестæр фурт Аркадийи биццеу Тимур фæммард æй, мæгурдæйраг фидæ æхуæдæг дæр æ фур зинæй берæ нæбал рацардæй. Рацох æй се ’гъдаугин, æнсувæреуæггæнæг сиахс Гецати Вовæ дæр. Еци зинтæн нæ бафæразта бийнонти фидæ Беслæни зæрдæ дæр æма бараст æй мæрдти бæстæмæ... Æма бабæй еума зæрди цæф бийнонтæн – Солтан дæр сæмæ батагъд кодта... Еци æверхъау цаутæ ниййерæг мади зæрди арф, дзæбæхгæнæн кæмæн нæбал ес, уæхæн ресагæ фæдтæ ниууагътонцæ...

Лæг æ адæмæн зæрдæбунæй уарзон ку уа, уæд е фæууй æ берæ арфиаг менеугутæ æма ацъагъуити фæрци. Æма уонæй ба, нæ бон æй федарæй зæгъун, æнхæстæй хайгин адтæй Цъугкити Солтан – куд аййевадон гъуддæгути, уотæ хумæтæг царди дæр.

Театрдзаутæ ‘й зудтонцæ, куд искурдиадæгин актер æма зартæгæнæг. Хумæтæги ин нæ исаккаг кодтонцæ Цæгат Иристони адæмон артисти ном. Уомæй сæйрагдæр ба е æй, æма адтæй хуæдæфсармæ, хуæрзæгъдау, зæрдхæлар, цæстуарзон адæймаг, æмбæлттæн æцæг хуарз æрдхуард, хестæртæн – лæггадæгæнæг, кæстæртæн – зундамонæг, раст надбæл æвæрæг. Царди адæймаг исæмбæлуй уæхæн адæймæгутæбæл, кæцити сæ рамæлæти фæсте дæр феронхгæнæн нæййес. Æма уотæ зæгъæн ес Солтанæй дæр.

Паддзахадон Дигорон драмон театри райгурд имисгæй, куд нæ зæгъæн сæрустурæй: уогæ ба ци дессаги искурдиадæгин фæлтæр æрбамбурд кодта æ алфамбулай театри бундорæвæрæг, нæ дзиллити уарзон хъæболæ, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист, Цæгат Иристони адæмон артист Темирати Давид... Кæми гъудæй, уоми син адтæй карзгомау æма домагæ, кæми гъудæй, уоми ба фæлмæнзæрдæ, уарзæгой фиди хузæн. Сæ хæццæ ма зæрдхæларæй архайдтонцæ труппи сæргълæууæг, нæ республики аййевади æскъуæлхт архайгутæ Тауитти Светланæ æма зундгонд, фæлтæрдгун режиссер Бекъойти Розæ. Етæ сæ айдагъ актери дæсниадæбæл нæ ахур кодтонцæ, фал син амудтонцæ царди раст фæззелæнтæ дæр.

Гъулæггагæн, Темирати Давид не ’хсæн нæбал æй... Рохсаг уæд... Банæхстæр имæ ’й æ хуæздæр гъомбæлкæнуйнаг Цъугкити Солтан дæр. Кæд мæрдти бæсти æцæгæйдæр ести ес, уæд син æ гъомбæлкæнуйнаги хæццæ дзубанди райеудагъ æй... Ресагæ фарстатæбæл дæр æрдзурдтайуонцæ, гъай-гъай... Уонæн сæ ахсгиагдæр æй, нерæнгæ дæр ма Дигорон театрæн æхе азгъунст ке нæма исаккаг кодтонцæ, е. Æма, æвæдзи, Давид æ цирти фæрстæ рæдовуй, æ фур зин æма мæстæй... Фал, цидæр æй, уæддæр театр цардæй, цæруй, æма цæрдзæнæй!..

Дигорон театри рантæсти фæдбæл дзоргæй, куд нæ ракæнæн фиццаг артистти кой – Паддзахадон Дигорон драмон театрæн рохс над бакъæртгæнгутæн. Етæ ‘нцæ – Габети Хетæг, Хадати Альберт, Хъарати Алик, Хъулчити Бола, Цæллати Владимир, Кокайти Тимур, Гобети Сослан, Арсæгти Астик, Галачити Джабраил, Хъамболти Зæлинæ, Секъинати Элитæ, Хадати Алинæ, Хъалабегти Фатимæ, Езети Эрнæ, Бичилти Фатимæ, Худæлти Маринæ, Бесати Викæ, Малити Фатимæ, Едзати Светæ... Æма еци ирд æма искурдиадæгин актерти æмрæнгъæ лæудтæй Цъугкити Солтан дæр.

Солтан Æфсади рæнгъити служби фæсте бацудæй театралон студимæ, уоми ахур кæнгæй, æхе бавдиста дæсни ахурдзауæй. Æ фиццаг къахдзæфтæй дæр бæрæг адтæй, актери искурдиадæй хайгин ке ‘й, е. Студи каст фæууогæй ин, ихæсгонд цудæй сæйраг рольтæ æма ин етæ еугурæй дæр театрдзаутæн иссæнцæ уарзон æма хъазар. Куста нæ республики зундгонддæр режиссертæ Бекъойти Розæ, Беккузарти Орзетæ, Темирати Давид, Битъæти Роберт, Бекмæрзти Æхсар, Сæбанти Тамерлан, Хадати Альберт, Секъинати Элитæ, Уалити Гивий хæццæ.

Уæди æригон артисттæ сæхебæл нæ ауæрдгæй, фæлтæрдгун ахургæнгути фæрци, архайдтонцæ актери дæсниади сосæгдзийнæдтæ райхалунбæл æма си сæхе исхотухгин кæнунбæл, æцæг аййевадæмæ хе над бакъæрт кæнунбæл. Кæд раздæр арæхстгай къахдзæфтæ кодтонцæ, уæддæр сæ разæнгарддзийнади фæрци ба сæ искурдиадæ анзæй-анзмæ федардæр кодта, сæ арæхстдзийнадæ ба бæрзондæй – бæрзонддæр кодта. Сæ нифс бахастонцæ айдагъ адæмон пьесæмæ гæсгæ нæ, фал ма дуйнеуон классикти æнæмæлгæ уадзимистæмæ гæсгæ æвæрд спектаклътæ æвæрун дæр. Æма син бантæстæй. Иссæнцæ æцæг, аййевадон æгъдауæй хуæрзæнхæст артисттæ. Сæ репертуар адтæй гъæздуг, медесгун æма берæвæрсуг.

Театрдзаутæн Солтан æхе бауарзун кодта æ фиццаг спектаклæй фæстæмæ. Сценæбæл ци сорæттæ исаразта, уонæй алли сорæтæн дæр æ уодиконд, гъудити зелдох, зæрди æнкъарæнтæ хаста адæми рæнгъæмæ. Цæстуарзон æма гадзирахат, уарзæгой æма налат, игъæлдзæг æма тузмæг, хийнæйдзаг æма кæрæф, рæвдауагæ æма уозæлагæ, мæтæгæнагæ æма амондмæ бæллагæ... Сæ еугуреми дæр иссирдта хе сæрмагонд уодигъæдæ æма исфæлдистадон хуарæнтæ. Трагеди æма комеди – уæхæн жанртæй адтæнцæ Солтани сæйраг рольтæ. Еумæ райсгæй рагъазта дууинсæй спектаклеми. Уони ‘хсæн æнцæ: Темирати Давиди пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Аланти Нана» (Будзула); Хугати Георги «Сабан æма Габан» (Габан) æма «Сау нимæт»; Хæмицати Цæраййи «Дууæ усогри»; Жан Ануйи «Антигона» (Креон); Карло Гальдоний –«Мирандолина» (граф); Саламти Никъалайи «Уарзти уацари» (Додик); А. Пушкини «Дорин иуазæг» (дон Карлос); Авксентий Цагарелий «Ханума» (къниаз Вано Пантиашвили) æма ма берæ æндæртæ. Мамсурати Дæбей пьесæмæ гæсгæ спектакль «Бæтæй фурттæ»-йи, Цъугкити Солтан рагъазта Дудай роли. Гъулæггагæн, е адтæй искурдиадæгин артистти фæстаг роль. Фæстаг хатт ма си рацудæй Солтан сценæмæ, фæстаг хатт ма фегъуста Солтан арфиаг театрдзаути тухгин къохæрдзæф, æ дессаги искурдиадæн ма ин етæ фæстаг хатт арфæ кодтонцæ лæугæй...

Цъугкити Солтан айдагъ искурдиадæгин актер нæ адтæй, фал ма адтæй разагъди дæсни зартæгæнæг дæр. Иристони цæргутæй ка нæ фегъуста æ дессаги зар «Зæдты чындзæхсæв»?! Аци зар телеуинунадæмæ кæсгути фæндонмæ гæсгæ ахид райгъусидæ экранæй. Уомæй уæлдай ма æ репертуари адтæй цалдæр зари: «Дæ сорæт», «Æригон бонтæ», «Имисуй зæрдæ»...

Солтанмæ, куд æцæг дигорон лæгмæ, берæ адтæй хуæрзæгъдаудзийнади менеугутæ дæр. Багъæуаги сахатти æхебæл нæ ауæрдгæй, æ гъазтæй хайгин кодта иннетæн, багъæуаги æхе гæлста театри гъуддаги алли кустмæ. Некæд загъта, е мæнмæ нæ хауй, мæн куст нæй, зæгъгæ. Хуæнхаг æвзугъд лæхъуæни фæууинæн адтæй сцени косгути, рохсдæтгути хæццæ, уой хæццæ ба ма хумæтæг кустити архайгæй, ахид кодта спектаклътæн музыкалон фæсдзурд дæр...

Театри абони æригон актертæн æнцондæр косæн æй, уомæн æма сæ фарсмæ æнцæ, дæнци аккаг хестæр фæлтæр, кæцитæ сæ хæццæ æнæвгъауæй дех кæнунцæ сæ агъазиау фæлтæрддзийнадæй. Æма уой фæрци сæ къохи уæлахездзийнæдтæ æфтуйуй. Уой хæццæ ба ирæзуй аци исфæлдистадон коллективæн æ еумæйаг гъомусадæ. Зæгъæн: Паддзахадон дигорон драмон театр, фарæ нæ бæсти сæйраг сахар Мæскуй ци IV Еугурадæмон фольклорон фестиваль «Русский остров» цудæй, уоми адтæй кадгин лауреат. Фестивали равдистонцæ Мамсурати Дæбей пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Бæтæ æма æ фурттæ», æвæрæг режиссер нæ республики адæмон артист Хадати



ЦЪУГКИТИ Солтан сценæмæ рацæуни размæ.

***ци хуарздзийнæдтæ бахаста, уомæй. Нæ адæмæй нин минкъий æй, зæгъгæ, ку фæззæгъунцæ, уæд мин е зин фæууй. Минкъий бæрцæй ан, фал царди фæззелæнти ахедундзийнадæй ба, бахатир кæнетæ, берети мах уæнгити рауайунтæ багъæудзæнæй... Æз сæрустур дæн мæ адæмæй, нæ Фидибæстæн кадæхæссæг æмзæнхонтæй...»***




ЦЪУГКИТИ Солтан Амондгуни роли (спектакль «Гъæдæ»).


ЦЪУГКИТИ Солтан æма СЕКЪИНАТИ Элитæ æлдар Аскери æма Тайбати рольти (спектакль «Тухайти Аргасгæ»).


СЕКЪИНАТИ Элитæ, ЦЪУГКИТИ Солтан æма сæ кизгæ ЦЪУГКИТИ Вероникæ еумæ спектакль «Ханума»-й архайгæй.

Альберт. Гъулæггагæн, Солтанæн нæ фæцæй равгæ еци Уæлахезон æркасти архайун е 'нæнездзийнади уавæрмæ гæсгæ.

Кæд Солтани исфæлдистадон цæхæр æнæнгъæлти рахустæй, уæддæр Паддзахадон дигорон драмон театрæн ци хуæрзти бацудæй, ци гъæздуг репертуар ниуугъта, етæ иронх нæ уодзæнæнцæ. Æ гъæздуг репертуарæй бæлвурд ке фæгъгъæздугдæр кодтонцæ национ драматургий хæзнадонæ, е дузæрдуггаг нæй. Æ кади ном сугъзæрийнæ дамугъатæй финст æрцудæй нæ Иристони театралон аййевади анзфинсти.

Цъугкити Солтан æ фæсте ниуугъта æхе хузæн хуæрзæгъдау, искурдиадæгин цæуæт. Æ кизгæ Вероникæ æ ниййергути къахдзæфтæбæл рацудæй. Кæд ма нуртæккæ Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон университети студенткæ 'й, уæддæр ин æ искурдиадæмæ гæсгæ бантæстæй Дигорон театри сценæбæл цалдæр спектаклей сæйраг рольти рагъазун. Ирон театри разамунд дæр ацъагъуæгин кизгæбæл сæ цæстæ æрæвардтонцæ, æма 'й байагурдтонцæ сæхемæ косунмæ. Сæрмæт ба аци анз каст фæууодзæнæй астæуккаг скъола. Раззæгти хæццæ уæнтæ! Сæ фидæн æ цубур царди медæгæ ци нæ бантæстæй, е син бантæсæд! Æ ирд сорæт син сæ изолдæри царди сæ над рохс кæндзæнæй Бонвæрнон стъалуй хузæн...

Солтан рохсаг уо... Дæ бауæр ци мæрæбæл æрæнцадæй, е дин дæхе уоди хузæн фæлмæн фæууæд. Махæн ба уодзæнæ æностæмæ цардæгас...

...Мæ фурзæрдхъурмæй берæ фæррасагъæс-басагъæс кодтон, уоййасæбæл зæрдтагон нин ка адтæй, нæ еци Солтани туххæй циуавæр кæронбæттæнæй фæууон мæ номерæн радзубанди. Æма æрæгиау мæмæ æрцудæй мæнæ ауæхæн фæндæ. Солтан Дигорон театри сценæбæл ци спектаклти архайдта, уонæй еу адтæй «Аланти Нана» (Темирати Давиди пьесæмæ гæсгæ). Цъугкити Солтан си архайдта Нанай æновуддæр агъазгæнæг Будзулай роли. Æма еци спектакли кæронбæттæн, махмæ гæсгæ, бунати уодзæнæй Солтани номерæн радзубандийæй ку æримисæн, уæд.

Е æй спектакли кæронбæттæн æма си æвдист цудæй, Нана ци сувæллæнттæ фæййервæзун кодта, уонæй фиццаг киндзæхсæвæр. Цийнæгæнгæй кафунмæ ракодтонцæ Нана æма Будзулай дæр. Уонæмæ кæсгæй, еугурæйдæр исистадæнцæ, æрдзæф кæнунцæ. Æнæнгъæлти Нана фæккиудтæй, зæнхæмæ æрхауа, зæгъгæ, уотемæй æй Будзула райахæста, æрбадун æй кодта.

**Естар.** Нана!

**Ораз.** Ци кодтай, Нана?

**Будзула.** Сабур уотæ, сабур, цъеувæдес нæ гъæуй!..

**Естар.** Ацал-ауал анзи сæйгæ дæр ку некæд фæцæй, уæд, гæрр, абони...

**Будзула.** Некæд æй райевдалдæй сæйунмæ.

**Нана.** Ма тухсетæ, мæ хортæ. Е уотид мæ зæрдæ... Барæнай, Хъайтар, куд мин æвгъау кæнис еунæг кафт дæр, гормон. Куд нæ кафон, куд нæ – исæнхæст æй дæ фæдзæхст! Хуарз, хуарз, ма мæстгун кæнæ, фæццæуун дæмæ. Кæсис, нæ хъæболтæ – цæттæ лæгтæ... Алантæ бабæй исхуæцдзæнæнцæ сæхебæл (рамардæй).

*Кизгуттæ ниббогъ-богъ кодтонцæ, биццеутæй дæр кадæртæ кæунцæ.*

*Мард æрæвардтонцæ. Æрбамбурд ма 'й никкидæр адæм. Рацудæнцæ иуазгутæ хæдзарæй дæр.*

**Естар.** Нана!.. Мах ба?!

**Ораз.** Ма рандæ уо, Нана!.. Ма бакомæ, хъаурæгин ку дæ, Нана!..

**Ацæ.** Ду дæр нæ фæссайдтай, Нана!..

**Базуг.** Рохсаг уо, нæ фæлмæнзæрдæ мадæ!..

**Сау-Сатæг.** *(Рацудæй, æ киндздзон сасуг исиста, æ дзиккотæ æруагъта æма æ сæр хуайуй.)* Мæнæ мæбæл æмбесонди мæйдар æхсæвæ куд ракодта!.. Мæнæ мæ зар гъарæнгæмæ куд рахизтæй!.. О, мæ бон!..

**Хъара-Сау.** Уæхебæл фæххуæцетæ!

**Будзула.** *(Еуварсæрдæмæ.)* Зæрондæй дæр куд рæсугъд дæ, Хорческæ!.. Нæртон хори кизги хузæн!.. *(Исиста уадиндзæ, еуцæйбæрцæдæр имæ фæккастæй, уæдта 'й гъавта æ уæрагбæл æрцæвунмæ, фал цидæр рагъуди кодта.)* Нæ, нæ, мæ уадиндзæ, еу цагъд ма мин æркæнæ, берæ дæ ку уарзта. *(Сæ еугуремæн.)* Кæугæ, гъарæнгитæ – нæбал. Рæсугъдæй фæццардæй, рæсугъдæй рамардæй Нана!..

**Базуг.** Изæдти æмсæр æй Нана. Æма æ номбæл нæхе лæгæти исаразæн ковæндонæ, «Нанай ковæндонæ»!

**Будзула.** Игъосетæ? «Изæдти æмсæр»! Изæдтæбæл ба кæугæ нæ фæккиндæуй! Гъæуама ибæл зартæ кæнæн! *(Цæгъдуй уадиндзæй, игъусуй зар.)*

*Гъей, Нана, нæхе уарзон Нана!*
*Æностæ 'ма дзамантæ*
*цæудзæнæнцæ,*
*Фæлтæртæй еу æййевдзæнæй*
*инней,*
*Дæ ном æма дæ кадæ*
*цæрдзæнæнцæ.*
*Айдагъ аланти нæ – æгас*
*дуйней!*

Аци нивæ æримисгæй уой зæгъуйнаг ан, цума нæмæ Солтан дæр Будзула Нанай марди рази куд дзурдта, уотæ нин е 'носон дуйнейæй æрветуй фæдзæхст: «Рохс зæрдæй уин фæццардтæн æма мæ зæрдрохсæй имисетæ...»

## ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ



**ЦЪУГКИТИ Солтани номерæн Изæр арæзт æрцæудзæнæй 13 майи 18 сахаттебæл Дзæуæгигъæуи, металлургти Галауани. Зæрдиагæй нæ еугур дзилли дæр хонæн, цæмæй еци изæр æрæмбурд уæн, уоййасæбæл берæ хуæрзти нин ка бацудæй, нæ еци зундгонд артист æма уарзон адæймаги рохс ном æримисæн...**


Г. Дигорон театри артистти къуар (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ХЪАЛАБЕГТИ Фатимæ, ЦЪУГКИТИ Солтан, СЕКЪИНАТИ Элитæ, АРСÆГТИ Астик, ЕЗЕТИ Эрнæ.

***Искурдиадæгин поэт, бæгъатæр тугъдон БЕЛЕККАТИ Харитони (1920-1944) финстæгутæй: «Мæ хъазар мадæ!.. Хъæболи салам райсæ Украини зæнхæй. Ами мин, тугъди будури, берæ æнсувæртæ æма хуæртæ ес, фал ниййерæг мадæ ба еунæг æй лæгæн. Е адæймагæн хор дæр æй æма зæнхæ дæр. Е амонд æй, æ дзубанди ба – хори туни хузæн фæлмæн æма гъар.***





ГУСИТИ Валоди



ХУГАТИ Самсон



ДУЛАТИ Алмахситт

# УÆ ЗÆРДИТИ ЦÆХÆР МАХ ТАВУЙ НУР ДÆР...

***Иристони дзиллæй немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгути нихмæ тохмæ ка рандæ ‘й æма си Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард хуæрзæригонæй ка иснивонд кодта, уони ‘хсæн хъæбæр берæ адтæй нæ национ аййевадæ æма литератури дессаги искурдиадæгинæй ка фескъуæлхтæй, уæхæн фæсевæд дæр. Мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уой æ рæстæги ниффинста нæ национ театралон аййевади зундгонд архайæг Хугати Зарæ. Кæддæр ма ’й мухур кодтан, фал æй уæддæр нæуæгæй æримисæн, нæ Цитгин Уæлахези 76-аг бæрæгбон бæрæг кæнгæй. Махмæ гæсгæ, уой аккаг æй, уомæн æма си ирдæй æвдист цæуй, Ирон театри сценæбæл лæгдзийнадæй æнхæст адæймæгути фæлгонцтæ ка æвдиста, етæ. Фидибæстæ тæссаг уавæри ку бахаудтæй æма сæрæндзийнадæ бавдесун ку багъудæй, уæд æцæг лæгдзийнадæ бавдистонцæ, сæ цардбæл дæр нæ байаурстонцæ...***

НÆ РАЙГУРÆН бæстæмæ æрбалæбурдта фудæзнаг. Содзуй гъæутæ æма сахартæ. Æгъатæр тугъди цирен арт ниххуссун кæнунмæ советон адæм сæрустурæй исистадæнцæ минкъийæй-устурæй. Тугъди будурмæ æ хъæболти рарвиста Иристон дæр. Райгурæн бæсти размæ сæ ихæс бафедунмæ ирон театрæй рандæнцæ Гусити Валоди, Дулати Алмахситт, Плити Грис, Хугати Самсон, Токати Асæх, Хъуппети Мисост, Туати Андрей, Мæлтъизти Разитæ, уруссаг драмон театри артисткæ Козати Таня æма театри администратор Хъодзати Заурбег.

Плити Грис, Токати Асæх æма Хъуппети Мисост тугъди фæсте сæрæгасæй исæмбалдæнцæ сæ фидтæлти уæзæгбæл æма абони дæр фæрнæйдзагæй фæллойнæ кæнунцæ ирон культури райрæзти сæрбæлтау.

*Мадæн байста сонт нæмыг*
*йæ фырты.*
*Дардмæ йыл йæ судзгæ*
*цæссыг тагъд.*
*Никуы ’рхауд йæ буц*
*хъæбулы цыртыл,*
*Уый кæмдæр ис уымæл*
*зæххыл сагъд...*

Уæдæй нурмæ дзæвгарæ рæстæг рацудæй. Бадзæбæх æнцæ тугъди гъæдгинтæ. Кæддæр сау фунук ци гъæутæ æма сахартæ фестадæнцæ, уони бæсти арæзт æрцудæнцæ нæуугутæ, райдзастдæртæ, рæсугъддæртæ. Нæуæг гъæутæ æма сахарти лæуунцæ бæрзонд æнсувæрон ингæнтæ. Æнсувæрон ингæнти æмхузонæй бæгъатæрти фарсмæ нигæд æнцæ ирон артисттæ дæр.

Уæдæй нурмæ дзæвгарæ рæстæг рацудæй. Фал еунæг бон, еунæг усми дæр нæ фæххецæн æнцæ махæй, нæ зæрдити азæлунцæ сæ нæмттæ, нæ цæститæбæл уайуй сæ рæсугъд хузæ.

Мæ рази бабæй æрæвардтон сæ къартæ. Кæсун сæмæ. Кæсунцæ мæмæ етæ дæр. Сæ фæлмæн цæстингас, рæвдаугæ дзурд, ездон рацуд, æхседгæ гъазт сценæбæл зундгонд æнцæ адæмæн. Фал мæ цæмæдæр гæсгæ бафæндадтæй нæуæгæй уони туххæй радзорун. Хуарз адæймаги туххæй æнгъезуй ахид дзорун. Неке си истухсдзæнæй. Цæй, мадта байгъосетæ. Къартæ мæ рази куд æвæрд рауадæнцæ, уотæ райдайдзæнæн.

## ГУСИТИ ВАЛОДИ

Уогæ ба ци дессаги игъæлдзæг, хæларзæрдæ адтæй Валоди! Ристæй æ зæрдæ адæми ристæй, цийнæ кодта адæми цийнæбæл. Зин уавæрти исгъомбæл æй. Фал нæ басастæй æ нифс. Æнæ хæдонæй дардта кæрцæ, скъудтæ къелтæ, тæппалтæ къахæй хургин хуæнхаг нæдтæбæл цудæй заргæ. Цума зудта, фæстæдæр ирон театралон аййевади уаргъ уой усхъитæбæл дæр ке æрæнцайдзæнæй, уой.

Ирон адæмæн дæр барæ равардтонцæ сæхе театр байгон кæнун. Театралон студимæ равзарун гъудæй аккаг фæсевæд. Уони хæццæ бахаудтæй Валоди дæр. Фун фæууинæгау имæ фæккастæй аци гъуддаг. Мæску...

Райдæдтонцæ ахури бæнттæ. Хæлæфæй, зудæцæстæй ахæста устур уруссаг сцени дæснидæр минæвæртти фæлтæрддзийнадæ. Айдагъдæр ин е байгон кодтайдæ урух фæндæгтæ ирон фиццаг сценæмæ. Ци нæ зудта, уомæй ахургæнгути бафæрсунмæ некæд бафсæрми кодта. Æма ахури бæнттæ кодтонцæ сæ куст – рæдауæй æфтаугæ цудæнцæ æригон биццеуи зонундзийнæдтæ. Алли гъуддагæн дæр райдайæн æма кæрон ес: фæцæнцæ студий ахури æнзтæ. Æхецæн берæ хæлæрттæ искæнгæй, берæ зонундзийнæдтæ райсгæй, исæздахтæй Валоди. Устур Мæскуйæй æ минкъий Иристонмæ цийнæй æфсес зæрди исхаста рæсугъд аййевадæ.

Æма байгон æй фиццаг ирон театри æмбæрзæн. Е хумæтæги цау нæ адтæй. Е адтæй ирон культури бæрæгбон. Цийнитæн, арфитæн кæрон нæбал адтæй. Еци арфити еу хай хаудтæй Валодимæ дæр.

Ирон театрмæ кæсæг нæ фæффудæнгъæл æй. Е ’рвист минæвæрттæ рауадæнцæ зæрди фæндон, исхастонцæ син аккаг лæвар. Театр æвдесуй еу спектакль инней фæдбæл. Аллихузи сорæттæ дзубанди кæнунцæ сценæй. Еу спектаклæй иннемæ аллихузи адæймæгути хузи рацæуй сценæмæ Валоди дæр. Уомæн æ иуæнгти конд, асæ æма дзурд фадуат лæвардтонцæ романтикон адæймæгути фæлгонцтæ исаразунæн. Уой æмрæнгъæ æ бон адтæй игъæлдзæг рольти гъазун дæр.

Валодий искурдиадæ æхе ирддæрæй-ирддæр ку æвдиста, адæм имæ еу спектаклæй иннемæ цæмæдесæй ку райдæдтонцæ цæун, уæд райгъустæй æнамонд хабар – нæ Райгурæн бæстæмæ æрбалæбурдта фудæзнаг. Лæгти фарсмæ æрлæуун гъудæй лæгæй. Æма Валоди æ уæле искодта æфсæддон дарæс. Цалдæр мæйи райахур кодта Дербенти бастдзийнади скъолай. Еу бон командир рæнгъæ ралæуун кодта æфсæддонти:

– Уæхуæдтæ игъосетæ хабæрттæ, – райдæдта дзорун командир. – Содзуй Севастополи зæнхæ. Нæбал ес фæстеуатгæнæн...

Командири дзурдтæ æнцон балæдæрæн адтæнцæ курсанттæн. Æма размæ еу къахдзæф ракодта Валоди. Еци къахдзæф æвдиста, намуси сахар фæйййервæзун кæнунмæ цæттæ ке æй, уой. Курсанттæй еу æрбалæудтæй Валодий фарсмæ. Уалинмæ дуккаг, æртиккаг... æма уотемæй еугурæй дæр.

Севастополæй Валоди финста æ цардæмбал Венерæмæ: «Зæнхæ содзуй, цæхæр калуй. Нæ зонун, ци уодзæнæй абони. Знаг цъамар æма æгъатир æй. Некæбæл æма нецæбæл ауæрдуй. Фал нæ сæртæ не ’руадздзинан. Тохæн райгурæн бæсти сæрбæлтау...»

Е адтæй Валодий фæстаг пъисмо æ уарзон бийнойнагмæ.

Севастополь рæстæгмæ ниууагътан. Фиццагидæр сæребарæ зæнхæмæ æрветун гъудæй зæрæндти, сувæллæнтти, цæф æфсæддонти. Æхуæдæг дæр бæститæ адтæй, уотемæй цæфти хаста биржæмæ. Фал хæстæг рауæн фехалдæй знаги бомбæ. Е схъестæй еу исуадæй Валодий реубæл. Лæхъуæн æрхаудтæй. Æ цæнгтæ фæйнердæмæ, уотемæй, цума æ райгурæн зæнхæн хъури кодта, уой хузæн. Æ сæрбæл хæрдмæ исхуæстæй æма кастæй размæ. Еци сахат уомæ цирен арти æхсæнæй зиндтæй Уæлахез...

Фал æй нæбал фæууидта.

## ХУГАТИ САМСОН

Мæскуй ахур кæнгæй, дзурд зæгъунæй ездон ке адтæй, уомæ гæсгæ е ’мбæлтти ’хсæн бæрæг дардта. Æ цийнæ дæр адæми хузæн æргом кæнун нæ фæразта. Æ минкъийæй фæстæмæ дæр уæхæн мадзора ке адтæй, уой нæ хестæртæ фæимисунцæ.

Гурдзий меньшевиктæ фæллойнæгæнæг адæми Къударгомæй ку исистун кодтонцæ, уæд цардагор беретæ рацудæнцæ Цæгат Иристонмæ. Ледзæг адæм цудæнцæ уазал æма стонгæй зин нæдтæбæл. Сæхе агъазæнгъæл, къæбæргор, ци гъæутæбæл бафæдзахстонцæ, уоми минкъий Самсони къуæтти æнгъæл адтæнцæ. Æ тæрегъæдæй зæрдихæлд кодтонцæ беретæ. Заманай сувæллон къуæттийæн æвгъау æй, зæгъгæ.

Æ мæскуйаг ахургæнгутæ ин уæлдай аргъ уомæн кодтонцæ, æма, мадзора уогæй, алцидæр æ зæрдæбæл ке дардта, уомæ гæсгæ. Еу фæззилд, еу дзурд, еу архайд æнæ рагъуди кæнгæй ке нæ кодта. Æхе, е ’мбæлтти, æ ахургæнгути гъезæмарæй рамаридæ, цалинмæ, ци сорæт райсидæ, уой лæмбунæг балæдæрдтайдæ æма рартастайдæ, уæдмæ.

Самсон уарзта рæстдзийнадæ. Царди ездон адтæй. Сценæй дæр тох кодта мæнгархайд, мæнгæ дзурди нихмæ. Æ хуæрзæгъдау менеугутæ хаста сценæбæл архайгути меддуйнемæ дæр. Е гъазта каргун адæми, партион косгути рольтæ. Адтæй комедион артист дæр. Хумæтæги нæ фæззæгъунцæ: артист цæйбæрцæбæл искурдиадæгин æй, уой базонун дæ кæд фæндуй, уæд ин рагъазун кæнæ игъæлдзæг роль. Уогæ Самсони комедион унбæл архайун дæр нæ гъудæй. Е сорæттæ уотæ аразта, æма сæмæ æнæ ходгæй кæсæн нæ адтæй. Амондгун худта æхе Самсон, æ фæрнæйдзаг куст адæмæн æхцæуæндзийнадæ ке хаста, уой туххæй.

Уалинмæ зæнхæ базмалдæй. Искурдиадæгин артисти багъудæй тугъди будурмæ рандæ ун. Æма уоми равардта æ зæрди цæхæр æнхæстæй æ уарзон дзилли сæрбæлтау.

**Æхсæз æма æртинсæй анзей размæ (1955 анзи 14 майи) арæзт æрцудæй Варшаваг бадзурд лимæндзийнади, æмгустади æма кæрæдземæн агъаздзийнади туххæй. Е устур тухæ адтæй нæ социалистон цардарæзти знæгти фудвæндти нихмæ. Абони, гъулæггагæн, нæбал æй, ихæлд æрцудæй...**

*Цæрæ мин сæдæ анзи, мæ хъазар, æнæнез, æнæмастæй. Æз цæттæ дæн дæ сæрбæлтау ме 'ригон цард иснивонд кæнунмæ. Адзали бонмæ дæр дæбæл мæ зæрдæ нæ исæйййевдзæнæн, дæ уорс сæр дин нæ фегадæ кæндзæнæн. Арæх ке нæ финсун, уой туххæй мæ азун ма кæнетæ – равгитæ мин нæййес, мæ рæстæг нæ амонуй... Хатир...»*




КОЗАТИ Таня


МÆЛТЪИЗТИ Разитæ


ХЪОДЗАТИ Заурбег


ТУАТИ Андрей

## ДУЛАТИ АЛМАХСИТТ

Ирон минкъий гъæу Нартæй ахур кæнунмæ устур Мæскуй балæудтæй Дулати Алмахситт дæр. Сæрустур си адтæнцæ æ гъæубæстæ. Рæсугъдæй фæцæй театралон студи. Косун райдæдта.

Нартигъæуккæгтæ ирон театр «Алмахситти театр» дæр хонун райдæдтонцæ. Абони дæр си нæ иронх кæнуй уæхæн цау: театр гъæумæ ку ниццудæй, уæд гъæунгæй-гъæунгæмæ ниййазæлдæй гъæргæнæги гъæлæс:

«Хуарз адæм, нæ фегъустон маке зæгъæд! Сахарæй нæмæ æрцудæй Алмахситти театр. Изæри нин дессæгтæ æвдесдзæнæй æма исаккаг кæнетæ!»

Ирон театралон аййевадæ адæммæ бахъæртун кæнуни сæрбæлтау Алмахситт цийфæнди зиндзийнæдтæн дæр ниббухстайдæ. Куста уодуæлдайæй е 'сфæлдистадон дæсниадæ бæрзонддæр кæнунбæл. Адæми æуууæнкæ устур амонд æй. Гъæуи фæсевæд е 'рцæунмæ сæ били цъæрттæ хуардтонцæ. Ку фæззиннидæ – фæндури цагъд гъæуи сæрæй гъæуи бунмæ райгъусидæ. Зæрæндтæ кæрæдзей рафæрсиуонцæ, Дулатæбæл циуавæр цийни хабар исæмбалдæй, зæгъгæ. Æма дзуапп раттиуонцæ иннетæ, Алмахситт син сахарæй æрцудæй.

Дзорунцæ, зæгъгæ, дан, Алмахситт «Дууæ хуæри» Касали-фурти роли ку гъазидæ, уæд, дан, айдагъ театрдзаутæ нæ, фал артисттæ дæр фæссценæй уомæ кæсгæй ходæгæй мардæнцæ. Хумæтæги сорæттæ исаразунмæ уомæй дæснидæр уæд ирон театри неке адтæй.

Æмгаргин адтæй. Адæми хæццæ уарзонæй фæццардæй. Æма æхе уомæй амондгун худта.

Цийфæнди знаг тугъд ку нæ расайдтайдæ, уæд æ уарзон кизги хæццæ ци амондгун адтайуонцæ! Нæ байзадайдæ киндзи кирæ цæрæнбонтæмæ æфснайдæй. Алмахситт æ уарзонмæ Мæскумæ ниффинста уæхæн фæстаг нистауæн:

«Æрæгæмæ ку зиннон, уæд фæццо мæ мадæ æма мæ фидæмæ. Кæд тагъд зиннон, уæд еумæ цæудзинан Иристонмæ. Еци рæстæг кизгæ Алмахситти мадæ Зенатмæ ниффинста: «Мæхуæдæг дæр тугъди цæхæри бахаудтæн, уомæй уæлдай Миши (æнцондæрæн æй уотæ худтонцæ æ уруссаг æмбæлттæ) фæдзæхст æнæ банхæст кæнгæй нæ ниууагътайнæ. Куд мæ фæндадтæй сумах хæстæгмæ базонун, сумах хæццæ адгинæй фæццæрун, уæ уорссæр хуæнхтæн нихъхъури кæнун – Мишæ мин сæ мæхе райгурæн къуми хузæн бауарзун кодта»...

Алмахситт фæммард æй Украини зæнхæбæл Киеви бунмæ. Е 'нсувæртæ Елбиздухъо æма Александр дæр хæдзарæбæл нæбал исæмбалдæнцæ. Дзæгъæлæй байзадæй мадæ е 'ртæ гуппурсар фуртемæй. Æртæ цирти ниссадзун кодта фæрсæй-фæрстæмæ.

## КОЗАТИ ТАНЯ, МÆЛТЪИЗТИ РАЗИТÆ

Таня æма Разити адæм зудтонцæ циргъзунд, дзурдарæхст, игъæлдзæг, цардмондаг кизгуттæй. Сæ дууемæн дæр сæ искурдиади цæхæр кæронмæ ку раргом адтайдæ, уæд уонæй рауадайдæ дессаги артисткитæ.

Сæ дууемæн дæр сæ бæллец адтæй Лопе де Веги пьесæ «Овечий источник»-и Лауренсияй роль рагъазун. Аци тухгин сорæт сæхецæн райстонцæ фæнзуйнагæн. Таня еу хатт Мæскумæ æ лимæн Бритъиати Зариффæмæ уотæ финста: «Ци хъæбæр мæ фæндуй Лауренсияй роль рагъазун! Уой мин ку бабарæ кæниуонцæ театри режиссертæ, уæд мæхе амондгунбæл нимайинæ».

Уæхæн бæллецти хæццæ цардæй Разитæ дæр. Айдагъдæр ин, студий ахур кæнгæй, бантæстæй еци Лауренсияй сæйраг монологтæй еуебæл бакосун. Æма уомæй дæр æхе худта амондгун. Еци монологæй Разитæ баууæндун кодта æ ахургæнгути, артисткæ си æнæмæнгæ ке рауадайдæ, уобæл.

Берæ фæндитæ адтæй дууæ кизгемæ. Сæ къохи ци сорæттæ исаразун бафтудæй, етæ кæд берæ нæ адтæнцæ, уæддæр агайдтонцæ театрмæ кæсæги зæрдæ. Фал сæ фæндадтæй хъæбæрдæр, никки хуæздæр косун. Нæбал син бантæстæй. Иристони зæнхæмæ немуцаг фашисттæ ку æрбахъæрдтæнцæ, уæд балæвардтонцæ сæ курдиæттæ, фронтмæ сæ цæмæй ракæнонцæ, уой туххæй. Æма райстонцæ аразий дзуапп.

...Разитæ æма Таня цæунцæ Мæздæгмæ. Сæ размæ ес уоми знаги хъауритæ исбæрæг кæнуни ихæс. Ниццудæнцæ Зæронд Бæтæхъой гъæуи уæнгæ æма рахуæстæнцæ цæгатæрдæмæ. Зудтонцæ, зæнхи аллирауæн минитæ римæхст ке ес, уой. Еуебæл си ниллæудтæ – дæ фудгол уотæ. Æсгаргæ, гъавгæй нихъхъæрдтæнцæ нисангонд бунатмæ.

Уотæ сæ еу æма дууæ хатти нæ багъæуидæ минити 'хсæнти знаги къилдунмæ бацæуун. Цалдæр хатти сæ багъæуидæ зæронд уостити дарæси рауайун Мæздæги гъæунгти, знаги алли дзубандимæ дæр къæрцгъос угæй. Таняйæн, скъолай немуцаг æвзаг ке ахур кодта, е хъæбæр фæййагъаз æй. Кæддæр æй тæхæг исун дæр фæндадтæй, фал ин æ гъудитæбæл фæууæлахез æй артисти дæсниадæ. Æма нур хъæбæр хуарз гъазуй царди вазуггин роль.

Гъо, фал хæрхæмбæлд фæцæнцæ немуцаг патрультæбæл æма нæбал бафтудæй сæ къохи рандæун.

Талингæ акъоппи дæр сæ хъаурæ нæ басастæй: «Мах гъæуама игъæлдзæг уæн мæлæтмæ цæугæй дæр. Уадзæ æма нæ игъæлдзæг æнгæсæй масти дзæкъолау, ниддунсонцæ лæгсирдтæ. Гæрр, артисткитæ кæдæй нурмæ нæбал ан?» – дзурдтонцæ акъоппи кæрæдземæн Таня æма Разитæ.

Райстонцæ мæлæт знаги къохæй – Мæздæги сæ фæзи нииййауигътонцæ.

## ХЪОДЗАТИ ЗАУРБЕГ

Театри сæйраг бундор, æ астæуи хъанз, ке зæгъун æй гъæуй, актертæ 'нцæ. Фал уони куст цæмæй рæвдзæдæр цæуа, е берæ аразгæ 'й театри администраторæй. Еци куст беретæ Заурбеги хузæн нæ лæдæрдтæнцæ. Сæрмагондæй ибæл ахур не 'скодта, фал театрбæл æновуд ке адтæй, уой туххæй бацудæй еци бунатмæ. Артистти æгириддæр нецæбæл уагъта мæтæ кæнун. Абони дæр хуарзæй имисунцæ, Заурбеги рæстæг театри ци æгъдау æвæрд адтæй, уой. Цæрдæг, хæдзардзин æма амалгъон ке адтæй, уомæй æмбесондæн байзадæй.

Хестæртæ ма нур дæр фæдздзорунцæ: «Заурбег гъæутæй сахармæ спектакль фæуууинунмæ зæрæндти еу æма дууæ хатти не 'сласидæ. Спектакли фæсте ба сæ сæ хæдзæрттæбæл исæмбæлун кæнидæ.

Тугъдон лæги карæй рахизтæй, уотемæй барвæндонæй рандæ 'й знаги нихмæ тох кæнунмæ. Æнауæрдгæй тох кодта æ хæццæ. Бавзурста уацайраги æфсойнæ дæр. Бахаудтæй цæфæй украинаг бийнонтæмæ. Æхе бæдоли хузæн æй исиуазæг кодтонцæ. Уæд финста æ хуæрæ Нинæмæ: «Æз цæфæй хъанæй лæууун украинаг хæдзари. Еци бийнонтæ мæнбæл куд ауодунцæ, е дессаг æй... Цæмæй фæууæлахез уæн, уой туххæй мацæбæл байауæрдетæ…»

Заурбег ку фæссæрæн æй, уæд æхе исбаста Полесьей партизанти хæццæ æма сæ хæццæ фехалидæ знаги эшелонтæ, рæмугъта хедтæ, сугъта тохæндзаумæутти скълæдтæ, цагъта фашистти.

Е 1943 анзи октябри æ пъисмой седтæй Иристони фæсевæдмæ: «Мах Полесьей цъимарати тох кæнæн цифуддæр знаги нихмæ. Сумах дæр нин фæййагъаз кæнетæ, Ири лæхъуæнтæ. Тох кæнетæ знаги нихмæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау, уæ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй».

Бæгъатæрæй фæммард æй Заурбег, знæгтæй берети батардта мæрдтæмæ æ разæй.

## ТУАТИ АНДРЕЙ

1941 анзи 22 июни Ирон театри дуккаг студий ахургæнуйнæгтæн гъæуама адтайдæ фæстаг зæрдæбæлдарæн гъазт-изæр. Кизгæй – биццеуæй еугурæйдæр адтæнцæ игъæлдзæг. Æма куд нæ! Исæнхæст æй сæ бæллец. Багулф кæндзæнæнцæ ирон театри артистти 'хсæнмæ æма профессионалон сценæй адæмæн фæккæндзæнæнцæ сæ зæрдибун дзубандитæ...

Фал цардæфсес фæсевæдæн фехалдæнцæ сæ рæсугъд игъæлдзæг фæндитæ. Фудбони тугъд син сæ ранихъуардта.

Æнкъард гъудити хæццæ сæргубурæй дзæвгарæ фæббадтæй е 'мбæлтти 'хсæн Андрей. Кизгутти уомæл цæститæмæ кæсгæй исдзурдта: «Ци хъæбæр мæ фæндуй сумах æхсæн зæронди бонмæ ку фæккосинæ, е!» Уæд ин кадæр уотæ зæгъуй: «Андрей, тугъд берæ нæ уодзæнæй æма бабæй еумæ уодзинан».

Фал етæ адтæнцæ нифсæвæрæн дзубандитæ. Тагъд рæстæги Андрейи багъудæй е 'мбæлттæн хуæрзбон зæгъун æма тугъди будурмæ рандæ ун.

Андрейæн студий ахур кæнгæй, бантæстæй еуцалдæр роли рагъазун. Уæлдай хуæздæр ин рауадæнцæ Гусеви пьесæ «Кад»-и Мартынови æма Дзанайти Ивани (Нигери) пьесæ «Къоста»-й адъютанти рольтæ. Дзорунцæ, ка 'й зудта етæ, адъютанти роли уорс цохъай ку рацæуидæ, уæд зали бадæг адæм æмхузонæй сæ бунæтти базмæлиуонцæ, уотæ хуарз федудта сценæбæл.

Æма еци гурведауцæ, æхседгæ зæрдæ Андрей тугъди азари бахаудтæй. Кæдæй рандæ 'й тугъдмæ, уæдæй еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте си исигъустæй сау хабар.

***

Уобæл фæдтæн мæ цубур радзубанди, нæ еугуремæн дæр хъазар ка адтæй, абони нæ сæртæ бæрзонд кæмæй хастайанæ, еци артисттæ Валоди, Самсон, Алмахситт, Таня, Разитæ, Заурбег æма Андрейи туххæй. Сæ рохс цæсгæнттæ, сцени ци фæлгонцтæ исаразтонцæ, етæ алкæддæр уайдзæнæнцæ нæ цæститæбæл, сæ нæргæ гъæлæс игъусдзæнæй нæ гъости, игъосдзинан син нæ фарсмæ сæ зæрдити цæф.

***1973 анз.***

**Музейти Медадæмон бон бæрæггонд цæудзæнæй 18 майи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики музейти косгутæн сæ бæрæгбони фæдбæл.**

***Ураза-Байрам – праздник разговения для мусульманина – это, в первую очередь, прощание с благословенными днями месяца Рамадан, когда для каждого мусульманина предоставлялась хорошая возможность вырасти духовно, усмирить страсти посредством соблюдения поста, большего стремления к благочестию, оказания помощи нуждающимся.***



# «Шатёр Рамадана»

## СОБИРАЕТ ВСЕХ, КТО СТРЕМИТСЯ ЖИТЬ В БЛАГОЧЕСТИИ...

Его интерьер обычно радует взор яркостью и свежестью, украшается переводами аятов из Священного Корана и хадисов, цветами и разноцветными шарами. Площадь «Шатра Рамадана» организаторы увеличивают год от года, с радостью принимая тысячи посетителей в течение всего месяца.

Помимо благотворительных ужинов, изобилующих блюдами национальных кухонь разных народов, «Шатер Рамадана» славится богатой и уникальной культурной программой. На сцене проводятся вечера национальных республик России, стран дальнего и ближнего зарубежья, вечера индустрии – халяль, круглые столы, социальные программы для инвалидов, ветеранов, военнослужащих, специальные детские дни и многое другое!

Шатер ежегодно посещают, украшают и обогащают программу своими выступлениями официальные представители всех религиозных конфессий России, представители Правительства Москвы, члены Государственной Думы и Совета Федерации, ученые, деятели искусства, бизнесмены, люди самых разных национальностей и вероисповеданий.

«Шатер Рамадана» за свою более чем десятилетнюю историю стал олицетворением истинного мусульманского гостеприимства: в нем каждый гость – желанный.

Отличительной особенностью этого проекта стало то, что в «Шатре Рамадана» каждый вечер посвящается конкретно одной какой-то республике России, ближнего и дальнего зарубежья.

Традиционным стал и ежегодно проводимый вечер, посвященный Северной Осетии. Проводился он и в нынешнем году, как обычно, на площадке ежегодного культурно-благотворительного мероприятия «Шатер Рамадана» на Поклонной горе у Мемориальной мечети в Москве.

Нашу республику представляли муфтий, председатель Духовного управления мусульман Северной Осетии Хаджимурат Гацалов, первый заместитель председателя парламента Александр Тотоонов, председатель Московской осетинской общины Алан Абаев, сотрудники постоянного представительства Северной Осетии при Президенте РФ.

– Месяц Рамадан – это священное время для всех мусульман. Ты чувствуешь огромную благодать, воодушевление, желание творить добро, ты понимаешь глубже смысл своего поклонения перед Всевышним и свою ответственность перед ним. Хочу пожелать всем безопасности, солидарности, любви друг к другу, желания творить добро и уметь прощать, – отметил в своем выступлении Хаджимурат Гацалов.

Участники праздничного вечера ознакомились с историей и культурой Осетии, узнали о традициях и обычаях многонационального народа.

– Мы хотим, чтобы все конфессии, которые есть на осетинской земле, мирно сосуществовали, процветали во взаимопонимании и взаимодействии во благо всех жителей нашей республики. Пусть наша молодежь будет рассудительно справедливой и плодотворно просвещенной, – отметил Алан Абаев.

Шатер Рамадана – это ежегодный культурно-благотворительный проект. Организаторами выступает Духовное управление мусульман Москвы при поддержке Духовного управления мусульман Российской Федерации и Правительства Москвы.

В Шатер на праздничный ужин – ифтар обычно приглашают тысячи людей. Но в этом году из-за ограничений, связанных с коронавирусной инфекцией, не все желающие смогли принять участие в этом замечательном мероприятии. Для гостей устраивается концертная программа в исполнении профессиональных национальных коллективов.

Шатер ежегодно посещают официальные представители всех религиозных конфессий России. Важность проведения таких вечеров исключительно огромна. Помнится на первом, посвященном Северной Осетии вечере Хаджи-Мурат так сказал:

– Я лично думал, можно даже сказать, мечтал о том, чтобы собрать людей, которые являются моими единомышленниками и которые думают, как я, в одном большом доме, в одно достоточимое место. Посидеть, поговорить ради Аллаха, поздравить друг друга, сообща обсудить, как нам объединить свои усилия ради того, чтобы вокруг нас была создана атмосфера любви и взаимопонимания, чтобы мы могли пронести эту любовь в уважении друг к другу.

Все остальные месяцы до нового Рамадана мы живем в этой скоротечной жизни, зачастую с непонятными целями, порой лживыми. Оттого наши сердца покрываются коростой. И когда мы склоняемся к Аллаху и просим Его о чем-то, то забываем, что рядом с нами такие же парень или девушка опустили голову и просят Господа Единого о том же самом – о благоденствии, о здоровье, о счастье. И когда этот человек обращается к тебе, то тебе бывает не до него. Ты забываешь, что надо помогать, ты не можешь его пожалеть, сострадать. И не потому, что мы плохие люди, а потому, что вот так живем. Мы забываем, мы не думаем.

... И вот в священный Рамадан наши сердца раскрываются. Эта короста сходит. И этот месяц милости, который даровал нам Всевышний, нас оживляет, возвращает к жизни. И мы понимаем, что все равны, что перед Господом одинаковы. Пророк Мухаммед сказал: «Тому из вас достанется все, кто утром проснется со спокойным сердцем, в добром здравии и будет иметь пропитание на один день! Один день! И ему достанется весь мир». Передавая эти слова, пророк на первое место поставил безопасность. Он возвеличил безопасность. Он воздвиг ее над здоровьем, над имуществом. Безопасность – это самое главное.

Когда мы поймем, что надо так жить, то будет совсем по-другому. Имам сказал, что истинным ученым является не тот ученый, который понимает дозволенное, а истинный ученый тот, кто понимает разницу между пользой и вредом.

И то, что мы говорим – один ряд, одна религия, одна мысль, одна философия, а впереди – польза. Это означает безопасность.

Почему я сейчас об этом вспомнил? Это месяц, который нас наделяет милостью и щедростью Аллаха, это месяц безопасности. В этот месяц прекращались войны, люди, в какой бы вражде ни были, останавливались и опускали оружие. Люди не хотели обижать друг друга, просили у обиженных прощения.

***

Традиция проведения акции «Шатер Рамадана» сложилась и у нас в республике. По инициативе Духовного управления мусульман РСО-А ежегодно, за десять дней до завершения месяца Рамадана во Владикавказе на прилегающей к Суннитской мечети территории каждый вечер разворачивался «Шатер Рамадана». И здесь за праздничным столом собираются представители общественности республики.

Проведение праздника «Шатер Рамадана» – это уникальная идея, которая объединяет разные национальности, способствуя сплочению и пониманию людей. И ее следует поддерживать, способствовать реализации заложенных в ней добрых и созидательных помыслов.





Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор:** **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№989.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.05.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**